



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 12/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY LÒD POU YO FÈ YON ENVESTIGASYON ANT POLIS LETA-A, POLIS SUNY AK DIVIZYON DWA DE LÒM ETA-A NAN ZAFÈ KRIM LAÈN NAN SUNY GENESEO

Jodiya, Gouvènè Andrew M. Cuomo bay lòd pou Polis Eta Nouyòk (New York State Police), Polis SUNY (SUNY Police) ak Divizyon Dwa De Lòm Eta-a fè (State Division of Human Rights) yon investigasyon milti-ajans nan krim laèn ke yo di ki pase nan SUNY Geneseo vandredi ki sot pase a. Se yon asistan rezidans ki rapòte ensidan sa-a an premye; li te dekouvri grafiti, ki gen yon kwa game ak mo “Trump”, nan Nassau Residence Hall nan inivèsite-a. Se [dezyèm investigasyon](#) ki kòmanse nan kad krim laèn yo di ki genyen nan Nouyòk nan kèk èdtan ki sot pase yo.

“Mwen gen yon mesaj pou moun ki panse yo ka entimide Nouyòkè parèy nou yo ak rasism epi laèn kont juif: Pa konte sou sa,” **Governor Cuomo te deklare.** “Li pa akseptab pou ke sa-a se dezyèm investigasyon ke nou gen pou nou anonse nan dènye èdtan ki sot pase yo. Nou pral investigate chak grenn ak tout ensidan ki rapòte epi Polis Eta-a ak Divizyon Dwa De Lòm ap pousuiv investigasyon sa yo ak tout fò lalwa ba yo. Tout Nouyòkè ki pa, mwen vle nou konnen ke nou ka konte sou mwen, ke m’ap kenbe nou an sekirite epi ke pwoteksyon dwa nou se fondasyon Etazini.”

An 2000, Eta Nouyòk te mete lwa pou ranfòse pèn kont krim laèn. Nan kad lalwa, yon moun komèt yon krim laèn lè li poze yon zak, pami yon seri zak byen spesifik, ki vize viktim lan akòz yon pèsepsyon oubyen yon kwayans sou ras yo, koulè yo, orijin yo, zansèt yo, sèks yo, relijyon yo, jan yo patike relijyon, laj yo, andikap oswa oryantasyon seksyèl yo, oubyen lè zak ki poze a se rezilta kalite pèsepsyon oubeyn kwayans sa. Yo ka poze krim laèn kon yon moun oubyen kont yon gwoup moun oubyen kont pwopriyete prive oswa piblik. Epitou, dapre lalwa, li ilegal pou fè diskriminasyon sou baz ras, orijin nasyonal, relijyon, etnisite oswa plizyè lòt klasifikasyon ki pwoteje.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418